



Lawoujòl (Ribeyòl)

Fich enfòmasyon



Lawoujòl se yon maladi respiratwa ke yon viris transmèt ki ka pwopaje anpil. Yo rele maladi sa Ribeyòl tou. Lawoujòl se yon maladi ki transmèt soti nan yon moun al nan yon lòt akòz lap touse oswa estène.



Nenpòt moun ka trape lawoujòl. Men, pa gen anpil moun ki resevwa de dòz vaksen kont lawoujòl kap gen maladi a menmsi yo ta ekspoze. Lawoujòl la sitou danjere pou tibebe ak timoun piti.

Siy ak Sentòm




Gratèl



Gwo Fyèw



Tous



Yon seri ti tach blan anndan bouch la

Gratèl ki parèt an jeneral nan figi moun nan ak nan rasin cheve. Li desann nan kou, nan kò a, bra yo, janm yo ak nan pye yo. Lè gratèl la kòmanse, li ka ba w yon fyèw ki monte jiska 40 degre C. Nen larim, je wouj epi kap fè dlo, se kèk nan sentòm yo tou.

Sentòm yo ka parèt an jeneral 7 a 14 jou apre w te ekspoze. 2 a 3 jou apre sentòm yo fin parèt, gen yon seri ti tach blanch ki kòmanse parèt anndan bouch la.



Konsilte doktè w siw panse w gen lawoujòl. Yo ka pran kèk ti echantiyon nan nen w ak nan gòj ou pou detekte lawoujòl. Doktè w la ka fè on tès san pou ou. Pa gen tretman pou lawoujòl

Etablisman Lasante, Lekòl ak sèvisdegad pou timoun



Moun kap travay nan sektè lasante yo ta dwe bay yon prèv ke yo te vaksinen kont lawoujòl. Sa ta dwe fèt swa ak vaksen, ou byen tè s laboratwa.



Timoun ak granmoun ki gen sentòm yo pa ta dwe al nan sèvisdegad, nan lekòl oswa nan travay jou gratèl la parèt la, ni pandan kat jou annapre.

Okenn moun yo sispèk ki gen lawoujòl pa ta dwe al nan sèvisdegad, lekòl oswa travay toutotan yo pa gen rezilta a.



Moun ki ta ka espoze e ki pa vaksinen ka rete lakay yo pandan yon peryòd tan ki pwolonje.

Prevansyon



- Pi bon fason pou diminye risk pou kontrakte lawoujòl se pou pran vaksen (an jeneral ak vaksen MMR). Vaksen kont lawoujòl la trè efikas.
- Diskite ak doktè w pou w ka konnen si tout vaksen w yo ajou.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite :



1. www.maine.gov/dhhs/measles
2. www.cdc.gov/measles

Ou ka rele tou Maine CDC nan 1-800-821-5821.